

ꦭꦸꦲ ꦤꦪꦸꦠꦠ  
ꦠꦶꦤꦏꦸꦥꦶꦥꦺꦢꦶꦂ!



# ULAH NYUTAT TINA WIKIPÉDIA!

Pituduh singget keur Anjeun  
anu resep kana énsiklopédia  
panggedéna di dunya maya



Raymond Sutanto  
Nur Rahmi Nailah

Wikimedia Indonesia



**Judul:**

ULAH NYUTAT TINA WIKIPÉDIA!

Pituduh singget keur Anjeun anu resep kana énsiklopédia panggedéna di dunya maya.

**ISBN:**

978-602-73992-9-7 (PDF)

**Wedalan:**

Perkumpulan Wikimedia Indonesia  
Jalan Danau Toba No. 104.  
Bendungan Hilir  
Jakarta 10210, Indonesia  
surel: info@wikimedia.or.id

**Éditor:**

Ilham Nurwansah

**Panata Aksara:**

Adien Gunarta  
Dwi Satria Utama

**Nu Nulis:**

Raymond Sutanto  
Nur Rahmi Nailah

**Distributor:**

Perkumpulan Wikimedia Indonesia  
Jalan Danau Toba No. 104.  
Bendungan Hilir  
Jakarta 10210, Indonesia  
surel: info@wikimedia.or.id

**Panarjamah:**

Yogi Yogaswara Yanuariska

**Lisénsi:**


Judul ieu buku nyaéta "ULAH NYUTAT TINA WIKIPÉDIA! Pituduh singget keur Anjeun anu resep kana énsiklopédia panggedéna di dunya maya."

Ditulis ku Raymond Sutanto jeung Nur Rahmi Nailah, Wikimedia Indonesia.

Anjeun bisa ngabagikeun, ngagandakeun jeung nyebarkeun deui ieu matéri dina wangun file naon waé. Kitu ogé bisa ngarobah jeung nyadur matéri ieu buku keur rupa-rupa kapentingan kaasup komersial.

Nu méré lisénsi teu bisa ngarobah katangtuan di luhur salila Anjeun tuhu kana katangtuan ieu lisénsi. Lisénsi anu dipaké nyaéta Creative Commons CC-BY-SA 4.0

Sakabéh matéri anu aya dina ieu buku ditangtayungan ku lisénsi Creative Commons Attribution Share-Alike (CC-BY-SA) 4.0. Nyebarkeun deui ieu buku kudu dina wengkuan lisénsi anu sarua.



[creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0/deed.id](https://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0/deed.id)

# Pangjajap

Wikipédia diadegkeun ku Jimmy Wales dina taun 2001. Anu mimiti aya téh nyaéta Wikipédia basa Inggris. Ti harita Wikipédia ngalaman kamekaran anu kacida ngaronjatna nepi ka dijieun Wikipédia dina rupa-rupa basa sadunya, kaasup salah sahijina Wikipédia basa Indonésia dina taun 2003. Diadegkeunana Wikimedia Foundation taun 2003, beuki ngarogjong kamekaran Wikipédia katut proyék-proyéknana. Di Indonésia, Wikimedia Indonesia geus mitembeyan ngalaksanakeun proyék-proyéknana anu tujulna keur ngarogjong kamekaran jeung ngaronjatkeun kualitas Wikipédia, boh anu patali jeung kontén atawa jumlah pamaké aktif anu nulis.

Salah sahiji program anu dilaksanakeun ku Wikimedia Indonesia téh nyaéta program WikiLatih anu geus lumangsung ti taun 2016. Program WikiLatih nyaéta hiji kagiatan latihan nulis jeung ngédit dina Wikipédia. Nyatana, sanggeus niténan lumangsungna program WikiLatih anu dilaksanakeun di sababaraha daérah, kalyan gawé bareng jeung rupa-rupa instansi, organisasi, komunitas, loba kénéh pasualan dasar jeung umum ngeunaan Wikipédia anu jadi kapanasaran balaréa, boh ti pamilon latihan boh anu ngokolakeun gawé bareng jeung Wikimedia Indonesia. Lian ti éta, rupa-rupa média sosial Wikimedia Indonesia kayaning Facebook,

Instagram, Twitter ogé mindeng narima rupa-rupa kapanasaran balaréa anu mikabutuh jawaban merenah sagancangna.

Kapanasaran anu mindeng katangén téh nyaéta ngeunaan naon bédana Wikimedia jeung Wikipédia, bisa henteuna nyutat tina Wikipédia, kumaha cara nyutat informasi anu merenah tina Wikipédia, naon waé anu bisa ditulis dina Wikipédia, jeung kumaha cara mekarkeun Wikipédia dina basa daérah. Pasualan anu ditataan tadi téh jadi kawajiban organisasi anu ngokolakeun Wikipédia keur ngarahkeun jeung ngajawab nepi ka gemet sangkan teu jadi pasualan anu manjang.

*ULAH NYUTAT TINA WIKIPÉDIA! Pituhuh singget keur Anjeun anu resep kana énsiklopédia panggedéna di dunya maya téh wujud tarékah Tim Program Pendidikan Wikimedia Indonesia keur ngajawab pasualan jeung kapanasaran anu tadi geus didadarkeun.*

Tim Program Pendidikan miharep tina ieu buku pituhuh singget téh bisa ngajembaran pangaweruh dasar ngeunaan Wikipédia ka balaréa anu resep aktif ilubiung dina mekarkeun jeung ngokolakeun Wikipédia sacara global.

**Jakarta, 16 Maret 2020**  
**Tim Program Pendidikan**  
**Wikimedia Indonesia**

# Daptar Eusi

- 1 Naon ari Wikipédia téh?
- 3 Naon bédana Wikipédia jeung Wikimédia?
- 5 Naha Wikipédia dijieun?
- 6 Naon tujuan Wikipédia?
- 7 Naha nembrakna Wikipédia téh jadi matak kontén Wikipédia bisa diropéa atawa dirobah sangeunahna?
- 8 Naon waé artikel anu aya dina Wikipédia?
- 9 Naha euweuh iklan dina Wikipédia?
- 9 Ti mana Wikipédia meunang waragad?
- 10 Naha bener Wikipédia teu bisa jadi rujukan?
- 11 Naha Wikipédia téh miboga mangpaat keur balaréa?
- 12 Naha artikel dina Wikipédia téh midangkeun informasi anu bener?
- 13 Naha rujukan nu dipaké dina artikel Wikipédia téh kudu bisa dipercaya?
- 14 Kunaon sakapeung sok kapanggih kénéh informasi anu teu bener dina Wikipédia?
- 15 Kumaha cara ngédit dina Wikipédia?
- 16 Naon waé tulisan anu dipahing jeung teu ditarima dina Wikipédia?





Naha tulisan dina Wikipédia téh bisa jadi hak milik nu nulisna?	17
Kunaon dina Wikipédia basa Inggris jeung basa Indonésia eusina béda?	18
Kunaon aya nu haat nulis dina Wikipédia sanajan teu dibayar?	19
Basa daérah naon waé anu boga Wikipédia mandiri di Indonésia?	20
Kunaon aya Wikipédia basa daérah? Kumaha bisa nepi ka aya? Jeung naon tujuanana?	21
Kumaha carana pikeun naratas Wikipédia dina basa daérah?	22
Naha aya bongbolongan sangkan meunang ideu atawa jejer anu bisa ditulis dina Wikipédia?	23
Naha aya pituduh nulis dina Wikipédia?	24
Naha aya lokakarya ngédit Wikipédia pikeun pamaké anyar?	25
Naha nulis dina Wikipédia bisa dijadikeun salah sahiji sarat pikeun undak jabatan?	26
Lamun hayang nyaho leuwih jero, saha anu bisa ditanya?	27

# Naon ari Wikipédia téh?

ᮊᮧᮒᮓ ᮘᮞᮓ ᮘᮞᮓᮞᮓᮞᮓᮞᮓ ᮘᮞᮓ?

*“Wikipédia nyaéta énsiklopédia daring bébas anu ngagunakeun rupa-rupa basa”*

Wikipédia nyaéta salah sahiji énsiklopédia bébas wangun daring anu ngagunakeun rupa-rupa basa. Hayu urang titénan sing gemet pedaranana.

Kahiji, **énsiklopédia**. Naon anu dimaksud énsiklopédia téh? Naon bédana énsiklopédia jeung wanda bacaan séjén anu aya dina koran, majalah jeung opini? Nurutkeun wange-nanana, énsiklopedia téh nyaéta karya rujukan anu midangkeun ringkesan élmu pangaweruh tina sababaraha widang paélmuan. Éntri anu aya dina énsiklopédia leuwih panjang ti batan kamus jeung eusina informasi faktual ngeunaan subjék anu keur dipedar. Tengetkeun – di dieu aya kecap faktual (fakta), anu hartina luyu jeung kanyataan kalayan butuh bukti. Pikeun nyangking hiji fakta atawa bebeneran, énsiklopédia biasana ditulis ku jalma anu ahli dina widangna. Dina Wikipédia, éta “ka-ahlian” téh dicokot jeung disebut-keun tina sumber-sumber sekundér anu dipilih ku pamaké waktu nulis artikel, saperti pamedal jeung panulis anu dianggap geus ahli.



## Naon bédana Wikipédia jeung énsiklopédia biasa?



Wikipédia bisa diaksés **dina jaringan internét (daring)**. Saméméh aya Wikipédia taun 2001, mémang geus aya énsiklopédia anu bisa diaksés dina jaringan internét, ngan keur dina tahap nyoba-nyoba kénéh jeung henteu gencar cara Wikipédia.



Wikipédia sifatna **nembrak**. Wikipédia nepi ka bisa jadi rongkah kiwari téh alatan sipatna anu nembrak. Nembrak, hartina saha waé bisa nambahan jeung ngarobah eusi artikelnana (tangtuna pikeun saha waé anu bisa nyambung kana jaringan internét).



Wikipédia sadia dina **rupa-rupa basa**. Béda jeung énsiklopédia anu ukur ngagunakeun basa Indonésia atawa basa Inggris minangka basa panganteurna, Wikipédia mah sadia dina rupa-rupa basa kaasup basa daérah, kayaning basa Jawa, basa Sunda, basa Minangkabau, jeung basa daérah lianna.

Wikipédia miboga 5 prinsip utama (dina Wikipédia disebut panca-pilar) anu wajib diturut ku sakabéh vérsi Wikipédia nepi ka kiwari, nyaéta:



Mangrupa énsiklopédia



Bisa diédit ku saha waé



Sipatna sineger tengah (nétral) teu mihak ka hiji kelompok atawa golongan



Ukur narima kontén anu lisénsina nembrak



Miboga aturan jeung kawijakan anu geus disapukan babarengan

Pikeun informasi anu leuwih lengkep, Anjeun bisa muka ieu tutumbu: [bit.ly/pancapilarwiki](http://bit.ly/pancapilarwiki)





# Naon bédana Wikipédia jeung Wikimédia?

ᮊᮧᮒᮓ ᮘᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒ  
ᮘᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ?

*“Wikimédia nyaéta organisasi anu ngarojong ayana Wikipédia”*

Sanajan sarua dimimitian ku “Wiki”, Wikipédia jeung Wikimédia téh mi-boga harti anu béda. Wikipédia téh énsiklopédiana, ari Wikimédia mah organisasi anu ngarojong kana hirup jeung huripna Wikipédia.

Aya dua rupa Wikimédia aya dua anu kudu dipikanyaho téh, nyaéta Wikime-dia Foundation jeung Wikimedia Indonesia. **Wikimedia Foundation** (WMF) nyaéta yayasan nirlaba anu puseurna di Amérika Serikat nu ngarojong jeung ngajalankeun Wikipédia. Sanajan kitu, WMF teu nyieun



jeung ngajagaan kontén artikelnana. Iwal ti Wikipédia, WMF ogé ngarojong jeung ngajalankeun 11 situs séjén minangka “dulur” Wikipédia, kayaning Wiktionary (kamus), Wikidata (basis data), Wikimedia Commons (berkas), Wikivoyage (pituhuh wisata) jeung sawatara situs séjénna.

WMF miboga mitra lokal anu loba jeung sumebar di sawatara nagara sakuliah dunya, salah sahijina nyaéta di Indonésia. Mitra lokal WMF di Indonésia nyaéta **Wikimedia Indonesia** (WMID). WMID diadegkeun ku para Wikipédiawan lokal Indonésia taun 2008, sarta dikokolakeun kalawan mandiri ti WMF.

Omat, ulah salah sangka! Teu saka-béh situs “wiki” anu aya dina internét téh dikokolakeun ku WMF. Situs kawas WikiLeaks, WikiHow, jeung WikiDPR lain situs anu dikokolakeun ku WMF.



# Naha Wikipédia dijieun?

ᮏᮞ ᮘᮞᮞᮞᮞᮞᮞᮞᮞ ᮘᮞᮞᮞᮞᮞᮞᮞᮞᮞ?

“Mimitina mah Wikipédia téh  
ukur jadi panambah pikeun Nupedia”



Lamun niténan sajarah Wikipédia, ieu proyék téh mimitina tina proyék énsiklopédia anu dingaranan **Nupedia** dina taun 2000. Nupedia diadegkeun ku **Jimmy Wales** jeung **Larry Sanger** anu matuh digawé di pausahaan internét Bomis. Harita, Nupédia téh ukur ditulis ku para ahli.

Wales jeung Sanger tuluy nyieun situs anu dingaranan **Wikipédia** dina taun **2001**. Mimitina mah proyék Wikipédia téh ukur panambah tina Nupedia. Tapi, dititénan ti waktu ka waktu anu kawentar ka balaréa téh kalah Wikipédia. Ahirna, Nupédia ditutup taun 2003 sabab kamekaranana gejed pisan.

Di Indonésia, Wikipédia dimimitian ku ayana **Wikipédia bahasa Indonésia** taun **2003** kalawan judul artikel munggaran téh “Elektron”. Sanggeus basa Indonésia, sataun ti harita medal Wikipédia basa Jawa jeung Wikipédia basa Sunda. Pamungkas, Wikipédia basa Nias medal taun 2021.

**Search Nupedia**

**Read Nupedia**  
[By Subject](#)  
[Alphabetically](#)  
[Newest Articles](#)

**Receive an encyclopedia article in your mailbox every morning!**  
Just enter your e-mail address.  
  
  
[More info on this](#)

**Welcome to Nupedia.com!**

We are building the world's largest international, peer-reviewed encyclopedia. It is free.

Nupedia is open content: the contents are not proprietary and are freely distributable under our [open content license](#). This is a revolutionary concept.

We have the time, money, personnel, and commitment. But we need your involvement, too, particularly if you are a scholar or scientist.

**[Join this massive effort!](#)**

**Join the Effort!**  
[Write Articles](#)  
[Edit and Review](#)  
[Copyedit](#)

**Our Editors and Peer Reviewers**

**Our Writers**

**About Nupedia**  
[Editorial Policy](#)  
[Nupedia News](#)  
[Press Mentions](#)  
[Discussion Groups](#)  
[Open Content License](#)

**Member Area**  
[All Assignments](#)  
[Your Assignments](#)  
[Requested Topics](#)  
[Volunteer to Write on a Topic](#)  
[Join Here](#)

# Naon tujuan Wikipédia?


ᮊᮧᮒᮒ ᮒᮧᮒᮒᮒ ᮒᮧᮒᮒᮒ?

*“Imagine a world in which every single person on the planet is given free access to the sum of all human knowledge. That’s what we’re doing.”*  
- Jimmy Wales



*Bayangkeun hiji dunya minangka tempat manusa bisa babagi sagala rupa élmu pangaweruh kalawan bébas.*

Tah, éta tujuan Wikipédia téh. Pikeun nyadiakeun rupaning élmu pangaweruh dina énsiklopédia daring anu bébas, nembrak jeung bisa diaksés ku saha waé, iraha waé, jeung di mana waé.



ᮊᮧᮒᮒ ᮒᮧᮒᮒᮒ ᮒᮧᮒᮒᮒ!

# Naha nembrakna Wikipédia téh jadi matak kontén Wikipédia bisa diropéa atawa dirobah sangeunahna?

ᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ  
ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ  
ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ ᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧᮊᮧ?

*“Wikipédia miboga komunitas husus ‘jagabaya’ nu salawasna ‘ngaronda’ pikeun menerkeun suntingan-suntingan anu sambarangan.”*

Sacara téhnis mah, enya bener. Ngan ulah poho, yén Wikipédia ogé miboga komunitas “jagabaya” nu sarua kuatna.

Éta nu ngajagaan téh unggal waktu “ngaronda” pikeun ngilikan kaca “Anyar robah” – maranéhna bakal

gancang menerkeun deui suntingan-suntingan anu katingalina sambarangan atawa nu eusina ngadadarkeun informasi teu bener. Sababaraha pamaké dibéré pakakas jeung hak husus, kawas fasilitas blokir jeung ngonci artikel - sangkan kualitas kontén Wikipédia salawasna kajaga.



# Naon waé artikel anu aya dina Wikipédia?

ᮊᮧᮒᮓ ᮘᮓ ᮘᮧᮒᮧᮒᮓ ᮘᮓ  
ᮘᮧᮒ ᮘᮓ ᮘᮧᮒᮧᮒᮓ?

*“Dina Wikipédia aya rupa-rupa élmu pangaweruh manusa”*

Wikipédia nyadiakeun rupa-rupa élmu pangaweruh manusa, ti mimiti jejer-jejer anu daria siga hukum, ékonomi, falsafah, téknologi, sains, géografi, astronomi nepi ka jejer-jejer populér saperti komik, manga, film, musik, jeung anime ogé aya dina Wikipédia.



## Karajaan Sriwijaya

Kamaharajaan maritim anu kungsi ngadeg di pulo Sumatera



## Indonésia

Nagara di Asia Tenggara, nu diliwatan ku gurat khatulistiwa



## Kutang

Sabangsaning baju jero nu dipakéna di jeroeun papakéan

Ieu di handap béréndélan conto-conto artikel dina Wikipédia anu geus sampurna, hartina geus saluyu jeung katangtuan atawa palanggeran nulis artikel anu sampurna dina Wikipédia.



## Perang Tiis

Kategangan pulitik jeung militér antara Dunya Kulon ngalawan Dunya Komunis



## Riba


Sagala injeuman anu aya sarat tambahan dina muamalah



## Urang Minang

Étnik Nusantara nu basana Minang jeung ngajungjung ageman Minangkabau

Anjeun bisa ngetik judul artikel kana kolom panyungsi lebah juru katuhu luhur sabada dina kaca Wikipédia.



# Naha euweuh iklan dina Wikipédia?

ᮊᮧ ᮘᮔ᮪ ᮘᮊᮊᮧ ᮊᮧ ᮘᮊᮊᮧᮒᮧ?



Jimmy Wales, nu mimiti naratas Wikipédia, nétélakeun yén ayana iklan téh ngabalukarkeun artikel katalikung ku kapentingan. Nu mi-dangkan iklan dina Wikipédia tangtu hayang artikelna ngajéntrékeun ka-punjulanna wungkul. Ku kituna, ari Wikipédia mah panceg ngalarapkeun ajén kasaimbangan, jadi artikelna teu meunang ngumbar kapentingan anu nguntungkeun salah sahiji pihak.

# Ti mana Wikipédia meunang waragad?

ᮊᮧ ᮘᮊᮊᮧᮒᮧ ᮘᮊᮊᮧᮒᮧ ᮘᮊᮊᮧᮒᮧ?

Unggal taunna, Wikimedia Found-ation muka panarimaan waragad dina laman proyékna. Ieu panarimaan wa-ragad biasana dilaksanakeun sataun sakali. Waragad anu dicangking téh dikokolakeun ku Wikimédia Found-ation pikeun ngarojong komunitas Wikipédia di sakuliah dunya, ngara-wat paladén (*server*) Wikipédia, jeung operasional kantorna.








# Naha Wikipédia téh miboga mangpaat keur balaréa?

🗣️ **Ulah Nyutat Tina Wikipédia!**

Naha Anjeun apal yén Wikipédia basa Indonésia téh dianjangan **2 milyar** kali dina jangka sataun katompér-nakeun? Hartina, dina sabulan dianjangan ratusan juta kali. Mangka, tina data panganan anu nyampak téh jadi tangara yén Wikipédia di-mangpaatkeun ku masarakat keur maluruh rupa-rupa informasi. Pék tengetan yén lamun keur néangan hiji hal dina Google ogé anu muncul pangluhurna téh pasti Wikipédia (boh dina basa Indonésia atawa dina basa Inggris). Contona, pék Anjeun ketik

“karinding” dina Google, mangka hasil nu kaluar téh saperti ieu gambar.

Lamun ningali pangrojong kana Wikipédia siga kieu, hartina poténsi Wikipédia minangka sumber informasi téh bakal terus mekar. Lian ti éta, Anjeun ogé lamun jadi pamaké aktif tangtu bisa mantuan jutaan manusa anu butuheun kualitas informasi anu informatif, kompréhensif, jeung saimbang.



# Naha artikel dina Wikipédia téh midangkeun informasi anu bener?

ᮊᮧ ᮘᮔᮨᮒᮒᮒ ᮊᮔ ᮊᮒᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒ  
ᮒᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ ᮘᮒ ᮒᮒᮒ?

Unggal informasi dina Wikipédia téh kudu dibaca gemet jeung taliti. Informasi anu nyampak dina Wikipédia ulah langsung dianggap bener jeung dipercaya kitu waé.

Kahiji, Anjeun kudu niténan naha artikel anu dibaca téh aya rujukanana atawa henteu. **Tanda Référensi** atawa **rujukan** dina unggal artikel Wikipédia téh ditandaan ku angka-angka **[1]**, **[2]**, **[3]** saperti kieu:

## Sukarno

Ti Wikipédia Sunda, énsiklopédi bébas

**Sukarno** (gumelar di Surabaya<sup>[1][2][3][4]</sup>, Jawa Wétan, 6 Juni 1901 – tilar dunya di Jakarta, 21 Juni 1970 dina umur 69 taun)<sup>[5]</sup> nyaéta **Presiden Indonesia** mimiti. Anjeunna anu mroklamirkeun Indonésia merdeka ti pangjajah **Walanda** sarta jadi présidén ti taun 1945 nepi ka 1967, jadi présidén sanggeus hasil dina transisi nu ngagalura di Indonésia pikeun merdika. Sukarno lengser ku kakuatan salah sahiji jendralna, **Suharto**, nu jadi présidén saprak Maret 1967.

Upama Anjeun manggihan angka-angka saperti anu nyampak dina gambar, pék klik baé angkana, sangkan Anjeun bisa muka rujukan asli anu dipaké sumber utama artikelna. Sumber utamana bisa dibaca keur ngawewegan informasi anu geus dipidangkeun dina artikel Wikipédia.

Kadua, sanggeus nyaho sumber informasi asli anu dipaké dina artikelna, ayeuna kari dicindekkeun, naha éta sumber téh bisa dipercaya atawa henteu. Titénan “tingkat” bebeneran élmu anu dipidangkeunana. Lamun sumberna tina média sosial (médsos), blog pribadi, jeung buku wedalan sorangan, tangtu geus puguh éta mah sumber anu teu pati bisa dipercaya jeung objektif.

# Naha rujukan nu dipaké dina artikel Wikipédia téh kudu bisa dipercaya?

ᮊᮧᮒ ᮒᮧᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒ  
ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒ  
ᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒ?

Tangtu kudu! Komunitas Wikipédia geus miboga katangtuan anu maneuh ngeunaan sumber anu pantes jeung bisa dipaké dina Wikipédia. Katangtuan anu dipaké padoman téh geus disapukan babarengan ku komunitas kalayan sababaraha tingkat kapercayaanana:



**1. Bisa dipercaya.** Jurnal ilmiah, buku wedalan pamedal anu bisa dipercaya, majalah/tabloid élmu pangaweruh, média massa nasional, jeung pancén ahir akademik anu geus diuji ku ahlina asup kana kelompokieu.



**2. Teu disarankeun.** Buku anu diwedaldalkeun ku sorangan, sampul kasét, jeung artikel naon baé tina situs populér leuwih alus ulah digunakeun minangka sumber rujukan.



**3. Sabisa-bisa disingkahan.** Blog, koran kriminalitas, jeung tabloid gosip sabisa-bisa ulah digunakeun pikeun sumber rujukan artikel.




**4. Teu bisa dipaké pisan.** Sakabéh Wikipédia jeung situs séjén anu sistemna jiga Wikipédia, dipahing digunakeun jadi rujukan. Ieu hal téh nerap ogé keur média sosial jeung layanan tulisan singget saperti Facebook, Twitter, Instagram jeung Whatsapp/Line.

# Kunaon sakapeung sok kapanggih kénéh informasi anu teu bener dina Wikipédia?

77787z 7777̇ 777z 77̇ 77z 77z 77z 77z  
 77z 77z 77z 77z 77z 77z 77z 77z 77z 77z

Ieu di handap conto gambar anu kungsi dikirim ku salah saurang pamaké Wikipédia tina panyungsi Google Search ngeunaan kelompok musik Mayhen ti Norwégia (tina Wikipédia basa Indonésia).

<p><b>Mayhem</b> Kelompok musik</p>	
<p>Mayhem adalah kelompok musik religi dari slawi yang dibentuk pada 1983. Formasi awal mereka terdiri dari deden dan asepgondrong dan dadan dagul. Nama mereka diambil dari lagu "Mayhem mayhem kok keluyuran" oleh arif rambo. <a href="#">Wikipedia</a></p>	

Ieu kajadian téh ilahar disebut vandalisme, nyaéta lampah nyunting artikel tapi tujuanana ngaruksak nepi ka informasi anu dipidangkeun téh teu saluyu jeung kanyataanana. Para ‘jagabaya’ di komunitas Wiki-

pédia unggal waktu ngajaga artikel-artikel nu aya tina lampah vandalismeu sarupa kitu.

Lamun manggihan artikel anu keuna ku vandalismeu, Anjeun bisa ngalapor kana kaca ‘Sawala’ kalayan ngaklik ‘Sawala’ dina kolom lebah kénca pidangan utama Wikipédia.




**WIKIPÉDIA**  
Énsiklopédi Bébas

- [Tepas](#)
- [Panglawungan](#)
- [Keur lumangsung](#)
- [Anyar robah](#)
- [Kaca acak](#)
- [Pitulung](#)
- [Sumbangan](#)
- Sawala** ←


# Kumaha cara ngédit dina Wikipédia?

ᮊᮧᮒᮧᮒ ᮘᮒ ᮘᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ?


Naha Anjeun kungsi nempo kecap “édit” di palebah luhur katuhu kaca Wikipédia?



Waktu Anjeun ngaklik “Édit”, pidangan kaca Wikipédia bakal robah jadi pidangan “édit”. Dina éta pidangan téh pamaké bisa ngaropéa artikel anu dipilih kalawan langsung. Anjeun bisa niténan pidangan “édit” dina ieu gambar di handap:



Dina ieu pidangan “édit”, Anjeun bisa nambahan eusi anu dianggap kurang, menerkeun informasi anu dianggap salah, atawa mupus kontén anu sangeunahna. Wajib pikeun ngasupkeun rujukanana. Sanggeus kitu, klik deui “Terbitkan perubahan” palebah luhur katuhu.



Hasil parobahan nu dijieun ku Anjeun bakal langsung kasimpen jeung midang dina artikel!

# Naon waé tulisan anu dipahing jeung teu ditarima dina Wikipédia?

ᮊᮧᮒᮓ ᮘᮓ ᮘᮧᮒᮓᮒᮓ ᮘᮓ ᮘᮧᮒᮓ  
ᮘᮓ ᮘᮧ ᮘᮧᮒᮓᮒᮓ ᮘᮒ ᮘᮒᮒᮓᮒᮓᮒᮓ?

Wikipédia basa Indonésia miboga kaca husus “**Wikipedia:Bukanlah**”. Dina ieu kaca, Anjeun bisa niténan nu teu kaasup ciri-ciri énsiklopédia, saperti sababaraha hal anu kaunggel ieu di handap:



**Kamus**, sabab Wikipédia miboga proyék anu sarua dingaranan Wiktionary.




**Koran/warta aktual**, sabab Wikipédia miboga proyék anu sarua kalawan ngaran Wikinews.



**Tempat iklan**, sabab Wikipédia lain tempat masangkeun iklan. Anu dipidangkeun dina Wikipédia mah kudu hal anu geus kakoncara heula, lain kakoncara sabab aya dina Wikipédia.



**Buku resep, pituduh arah, pituduh wisata, buku ajar, kumpulan jurnal, tutorial, jeung sajabana** anu henteu nyirikeun tulisan énsiklopédia.



Anjeun bisa ngetik “**Wikipedia:Bukanlah**” dina kolom panyungsi keur muka éta kaca.

# Naha tulisan dina Wikipédia téh bisa jadi hak milik nu nulisna?

ᮊᮧ ᮘᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒ  
ᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ?

Pikeun ngajawab pananya di luhur, urang kudu inget yén Wikipédia téh bisa ditulis jeung diédit ku saha waé. Artikel anu dirintis ku Anjeun salilana mungkin bakal aya anu ngaropéa. Hartina, unggal artikel Wikipédia téh mangrupa banda balaréa anu teu bisa jadi hak milik saha baé. Lintang ti kitu, sangkan artikel Wikipédia teu ukur némbongkeun hiji puseur panyawang, jeung kanétralana bisa kajaga.



Wikipédia salawasna ngagunakeun lisénsi nembrak dina unggal konténna. Lisénsi nembrak téh nyaéta

Kaca ieu panungtungan diédit 14 Désémber 2020, jam 05.57.

Téks ditanglayungan ku Creative Commons Attribution-ShareAlike License; katangtuan tambahan lianna bisa dilarapkeun ogé. Baca Katangtuan Pamakéan pikeun leuwih lengkep.

[Kawijakan privasi](#) [Ngeunaan Wikipedia](#) [Bantahan](#) [Pidangan séluér](#) [Pamekar](#)

[Statistik](#) [Pernyataan kuki](#)

lisénsi keur mantuan pamaké jeung nu boga kontén sangkan gampang ngabagikeun jeung ngamangpa-atkeun karya-karyana sacara bébas. Lisénsi nembrak anu dipaké dina Wikipédia nyaéta Lisénsi Creative Commons Atribusi- Berbagi Serupa 3.0. Pikeun mikanyaho leuwih gemet ieu lisénsi, Anjeun bisa maluruh dina situsna:

[creativecommons.or.id](https://creativecommons.or.id)



# Kunaon dina Wikipédia basa Inggris jeung basa Indonésia eusina béda?

ᮊᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮕᮧᮒ ᮕᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮕᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮕᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ  
ᮕᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮕᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ?

Kontén anu aya dina Wikipédia basa Inggris jeung basa Indonésia téh tangtu aya bédana, sabab unggal artikel dina Wikipédia dirataras ku béda-béda pamaké. Artikel Wikipédia memang bisa dijieun ku bot (robot), tapi biasana kawatesanan pikeun jejer anu patali jeung hal-hal *repetitif* saperti babagian wilayah, taksonomi biologi, atawa objék anu aya di luar angkasa. Salian ti éta mah angger kudu dijieun jeung dimekarkeun ku pamaké manusa kalawan langsung.

Kunaon artikel Wikipédia dina basa Inggris leuwih loba ti batan basa Indonésia? Sabab jumlah kontirbutor Wikipédia basa Inggris leuwih loba ti batan Wikipédia basa Indonésia. Kiwari, dina Wikipédia basa Inggris kira-kira aya **66.000** pamaké aktif unggal bulanna (aktif téh hartina ngédit artikel 5 kali dina sabulan), ari dina basa Indonésia mah pamaké aktif téh ukur **1.000**. Dumasar kana éta angka, Anjeun bisa ningali bébédaan anu kawilang anggang, sarta tangtu waé méré pangaruh kana réana artikel dina unggal vérsi Wikipédia.





# Kunaon aya nu haat nulis dina Wikipédia sanajan teu dibayar?

ᮊᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒ ᮒ ᮒᮧᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒ  
ᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ?

Ngédit dina Wikipédia téh geus dianggap kalangenan atawa karesep keur para kontributorna mah. Kalangenan pikeun nulis dina unggal widang anu dipikaresepna. Sawatara urang Wikipédiawan ogé resep babagi informasi panganyarna, contona upama aya kajadian gedé nu matak harénghéng jeung jadi sabiwir hiji. Lian ti éta, aya ogé pamaké anu resep nulis jejer husus, saperti ngeunaan karéta api. Para *railfans* (sesebutan jalma nu resep kana kana karéta api) bakal tatan-tatan lamun aya parohan jadwal karéta api, informasi penting ti unggal stasiun, jeung sajabana.

Sawatara Wikipédiawan séjén anu resep ngédit dina basa daérah, kapin-cut pikeun ngédit artikel lantaran aranjeunna neundeun kahaat pikeun ngamumulé basa dérahna. Matak teu héran lamun nepi ka kiwari aya **13 basa daérah** dina Wikipédia, jeung ratusan basa daérah séjénna dina Incubator (salah sahiji proyék Wiki anu dipaké pikeun mekarkeun proyék-proyék Wiki anu can bisa ngadeg mandiri).



# Basa daérah naon waé anu boga Wikipédia mandiri di Indonésia?

ᮊᮧᮒ ᮘᮔ᮪ᮒ ᮘᮘᮘᮘ ᮘᮔ ᮘᮘ ᮘᮘᮘ  
ᮘᮘᮘᮘᮘᮘᮘ ᮘᮘᮘᮘᮘᮘ ᮘᮘ ᮘᮘᮘᮘᮘᮘᮘᮘᮘ?

Basa anu mimiti aya Wikipédiana di Indonésia téh nyaéta basa Malayu (ms.wikipedia.org) dina taun 2002, tuluy dina taun 2003 medal Wikipédia basa Indonésia.



Pék titénan alamat situs Wikipédia ukur dibédakeun dumasar kodeu basana, anu ditambahan “.wikipedia.org”.



# Kumaha carana pikeun naratas Wikipédia dina basa daérah?

ᮊᮧᮒᮧ ᮘᮒᮒ ᮘᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ  
ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ ᮒᮒ ᮒᮒᮒ ᮒᮒᮒᮒᮒ?

Wikimédia boga situs proyék anu husus pikeun ngawadahan éta, ngaranna nyaéta Wikimédia Incubator. Luyu jeung ngaranna, ieu situs téh ngokolakeun proyék-proyéék anu “can pantes” ngadeg mandiri. Proyék-proyéék anu aya dina Incubator téh bakal diropéa nepi ka pantes medal bari maké domain sorangan. Anjeun bisa muka ieu situs dina [incubator.wikimedia.org](http://incubator.wikimedia.org).

Salah sahiji sarat sangkan Wikipédia basa daérah Anjeun bisa dijieun situs Wikipédiana nyaéta kudu boga heula kodeu basa dumasar kana ISO 639. Salah sahiji cara keur mikanyaho naha Wikipédia basa daérah Anjeun miboga kodeu ISO 639 atawa henteu bisa ditilik dina situs [ethnologue.com](http://ethnologue.com). Asupkeun ngaran basa daérahna, tuluy tempo hasilna. Lamun Anjeun kataji hayang naratas Wikipédia dina basa daérah Anjeun tapi bingung

kénéh ngamimitianana, Anjeun bisa ngontak balad-balad ti Wikimédia Indonésia dina nomer telepon anu aya dina ieu buku. Balad-balad Wikimédia Indonésia engké bakal mantuan pikeun ngajukeun pamundut sangkan Wikipédia basa daérah Anjeun bisa dijieun.



# Naha aya bongbolongan sangkan meunang ideu atawa jejer anu bisa ditulis dina Wikipédia?

ᮊᮧᮒ ᮒᮧᮒ ᮓᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒ  
 ᮒᮧᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒᮧᮒ ᮒᮧᮒ ᮓᮧᮒᮧᮒ ᮓᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ  
 ᮓᮧᮒ ᮓᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ?

Anjeun bisa ngamimitian heula nulis artikel kalayan jejer anu dipikaresep, ngan tulisan anu dijieun téh kudu dipastikeun **can aya** dina Wikipédia. Iwal ti kitu, kudu ditengenkeun yén tulisan dina Wikipédia téh kudu **nétral**, nu matak Anjeun dipahing u-

pama ngan nuliskeun kahadéan atawa kagoréngan wungkul tina jejer artikel anu ditulis téh. Anjeun kudu nuliskeun saayana, luyu kana kate-rangan tina sumber atawa rujukan anu bisa dipercaya.

INFO WIKI
Wikipédia Basa Sunda dina Angka

<p style="text-align: center; font-size: 2em; font-weight: bold; color: #0072bc;">18.716.156</p> <p style="text-align: center; font-size: 0.8em;">Jumlah nu muka Wikipédia basa Sunda dina sataun (Méi 2019-April 2020)</p> <p style="text-align: center; font-size: 0.8em;">Rata-rata jumlah éditor kalawan 5 suntingan atawa leuwih (Oktober 2019-Maret 2020) <span style="font-size: 1.5em; font-weight: bold; color: #0072bc;">148</span></p> <p style="text-align: center; font-size: 0.8em;">Jumlah suntingan dina Wikipédia basa Indonésia Méi-Oktober 2019 <span style="font-size: 1.5em; font-weight: bold; color: #0072bc;">33.919</span></p> <p style="text-align: center; font-size: 0.8em;">Jumlah kaca anu disunting, Maret 2020 <span style="font-size: 1.5em; font-weight: bold; color: #0072bc;">331</span></p>	<p style="text-align: center; font-size: 2em; font-weight: bold; color: #0072bc;">1.818.124</p> <p style="text-align: center; font-size: 0.8em;">Jumlah nu muka Wikipédia basa Sunda April 2020</p> <div style="margin-bottom: 10px;"> <span style="font-size: 1.5em; font-weight: bold; color: #0072bc;">25%</span> Muka ngagunakeun ponsél         </div> <div style="margin-bottom: 10px;"> <span style="font-size: 1.5em; font-weight: bold; color: #0072bc;">75%</span> Muka tina désktop         </div> <div> <span style="font-size: 1.5em; font-weight: bold; color: #0072bc;">13%</span> Nu muka téh ti Indonesia Aya ogé nu ti Amérika Serikat, Inggris, jeung Jérman.         </div>
--	---

Sajak Sunda | Carita pondok | Kecap rajékan

Artikel anu mindeng dibuka dina bulan Maret 2020.

Tina [stats.wikimedia.org/v2](https://stats.wikimedia.org/v2)

# Naha aya pituduh nulis dina Wikipédia?

ᮊᮧᮒ ᮒᮧᮒ ᮊᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮊᮧᮒᮧᮒᮧᮒ ᮊᮧᮒ ᮊᮧᮒᮧᮒᮧᮒᮧᮒ?

Anjeun bisa diajar ngédit Wikipédia kalayan mandiri ku cara nuturkeun pituduh dina [bit.ly/WPTUTOR](https://bit.ly/WPTUTOR). Wiki-média Indonésia ogé geus miboga modul palatihan anu lengkep. Ieu modul bisa dibuka dina tutumbu [bit.ly/modulmanual](https://bit.ly/modulmanual) sacara gratis.

Iwal ti éta, lamun Anjeun leuwih resep nuturkeun tutorial atawa pituduh dina wangun vidéo, Anjeun bisa lalajo vidéo anu geus dijieun ku Wiki-média Indonésia, kalawan bisa dibuka dina tutumbu [bit.ly/TutorialWikiID](https://bit.ly/TutorialWikiID).

Modul Pelatihan I  
Berkontribusi di Wikipedia  
Bahasa Indonesia  
Pedoman Penyuntingan Secara Manual

Perkumpulan Wikimedia Indonesia

Tutorial Menyunting di Wikipedia Bahasa Indonesia

[bit.ly/modulmanual](https://bit.ly/modulmanual) [bit.ly/TutorialWikiID](https://bit.ly/TutorialWikiID)  
[bit.ly/WPTUTOR](https://bit.ly/WPTUTOR)

Wikipedia: Tutorial

Perkenalan	Penyuntingan	Pemformatan	Berkas/Gambar	Inggalah	Pendaftaran
<b>Tutorial Wikipedia – Pengantar</b> Selamat datang di <b>Tutorial Wikipedia</b> . Tutorial ini dimaksudkan untuk pengguna yang telah membaca sekilas mengenai Wikipedia melalui <i>Mengetahui Wikipedia</i> , dan siap untuk memandinya. Setelah membaca rangkaian halaman ini, Anda akan mendapatkan informasi dasar dan pengetahuan yang diperlukan untuk menjadi <i>Pengguna Wikipedia</i> . Setiap halaman akan membahas mengenai fitur (fasilitas) mengenai software wiki, beberapa petunjuk mengenai <i>style</i> dan isi artikel, informasi mengenai komunitas Wikipedia, atau kebijakan dan konvensi penting dalam Wikipedia. Ingat bahwa ini adalah tutorial, bukanlah halaman kebijakan definitif atau manual yang menyeluruh. Jika Anda menginginkan yang lebih detail, dalam tutorial ini terdapat pranala (link) yang terhubung dengan halaman Wikipedia lainnya. Halaman tersebut memiliki informasi yang lebih detail mengenai topik di sini. Jika Anda ingin sambil membacanya, mungkin sebaiknya Anda membuka pranala tersebut dalam jendela (window) baru yang. Dalam tutorial ini juga terdapat pranala ke <i>baik pasar</i> , dimana Anda dapat mempraktekkan apa yang Anda pelajari. Tidak akan ada yang menyalah jika Anda menggunakan <i>baik pasar</i> sebagai wahana eksperimen Anda, jadi jangan khawatir, sebelum apa dan <i>lihat</i> seperti apa hasilnya.	Informasi dasar <b>Wikipedia</b> Selamat datang Siapa penulis Wikipedia Berkontribusi Menyunting sebuah halaman Artikel pertama Anda Araian yang disebarkan Pancapilar Halaman kawi Naluri Merkah wiki Pengantar				

# Naha aya lokakarya ngédit Wikipédia pikeun pamaké anyar?

ᮊᮧ ᮒᮨ ᮓᮧᮊᮊᮊᮊᮊᮊ ᮒᮧᮊᮊᮊᮊᮊᮊ  
ᮒᮧᮊᮊᮊᮊᮊᮊ ᮒᮧᮊᮊᮊᮊᮊᮊ ᮒᮧᮊᮊᮊᮊᮊᮊ?

*“Wikimédia Indonésia ngayakeun rupa-rupa palatihan Wikipédia dina rupa-rupa basa di sawatara kota.”*

Wikimédia Indonésia unggal bulan ngayakeun lokakarya atawa palatihan ngédit Wikipédia dina rupa-rupa basa di rupa-rupa kota. Pék tuluy tuturkeun média sosial Wikimédia Indonésia pikeun ilubiung unggal acarana!

Atawa, lamun Anjeun boga kaha- yang ngayakeun latihan mandiri di kota, komunitas, atawa instansi Anjeun, bisa diajukeun kana alamat surél:

[pendidikan@wikimedia.or.id](mailto:pendidikan@wikimedia.or.id).



# Naha nulis dina Wikipédia bisa dijadikeun salah sahiji sarat pikeun undak jabatan?

ᮊᮧ ᮊᮧᮧᮧᮧ ᮊᮧ ᮊᮧᮧᮧᮧᮧᮧ ᮊᮧᮧ ᮊᮧᮧᮧᮧᮧᮧᮧ  
ᮊᮧᮧᮧᮧᮧ ᮊᮧᮧᮧᮧᮧᮧ ᮊᮧᮧᮧᮧᮧᮧᮧ ᮊᮧᮧᮧᮧᮧᮧᮧᮧ ᮊᮧᮧᮧᮧᮧᮧᮧᮧ?



Nulis dina Wikipédia téh kagiatan anu didadasaran ku **kaihlasan**, ku kituna moal bisa méré pangaruh sacara matéri kaasup pikeun undak jabatan.

Tapi, nulis dina Wikipédia téh bisa ngaronjatkeun kaparigelan non-téhnis, contona kaparigelan nulis jeung néangan sumber anu bisa dipercaya, anu bakal aya gunana dina sarupaning kagiatan widang atikan, saperti nyusun kurikulum, nyungsi bahan ajar, jeung nyusun laporan.

## INFO WIKI

Kontributor Paling Aktif Maret 2020 dina Wikipédia Basa Sunda

**Ilham.nurwansah**

222 suntingan

**Serigalakampus**

119 suntingan

**Syaifan Bahtiar Nirwansyah**

44 suntingan

**Rési Dorna**

140 suntingan

**A2613**

109 suntingan

Tina [stats.wikimedia.org/v2](https://stats.wikimedia.org/v2)



# Lamun hayang nyaho leuwih jero, saha anu bisa ditanya?

ᮊᮧᮒᮓ ᮊᮧᮒᮓ ᮊᮧᮒᮓ ᮊᮧᮒᮓ ᮊᮧᮒᮓ,  
ᮊᮧᮒᮓ ᮊᮧᮒᮓ ᮊᮧᮒᮓ ᮊᮧᮒᮓ?

Lamun anjeun hayang mikanyaho leuwih jembar ngeunaan program-program Wikimédia Indonesia, bisa ngirim surélék ka [info@wikimedia.or.id](mailto:info@wikimedia.or.id) atawa kana sababaraha surélék ieu di handap:

Surélék Penting Wikimédia Indonesia	
<b>Pendidikan</b>	pendidikan@wikimedia.or.id
<b>Komunitas</b>	komunitas@wikimedia.or.id
<b>Kompetisi</b>	kompetisi@wikimedia.or.id
<b>Téhnologi</b>	teknologi@wikimedia.or.id
<b>GLAM</b> (Galéri, Perpustakaan, Arsip, jeung Museum)	glam@wikimedia.or.id
<b>Hibah</b>	hibah@wikimedia.or.id
<b>Konférénsi</b>	konferensi@wikimedia.or.id

# Atribusi

## GAYA AKSARA

*Montserrat* ku Julieta Ulanovsky | OFL  
*Merrweather* ku Sorkin Type | OFL  
*TG Siloka Sundanese* ku Iqbal Firdaus, Tegamitype  
*Segoe UI* ku Microsoft

[21] *Ranga* ku TipTopTyp | OFL • *Leelawadee* (aksara Bugis) ku Microsoft • *Noto Sans Rejang* (aksara Rejang) ku Google | OFL • *TG Siloka Sundanese* (aksara Sunda) ku Tegamitype/Iqbal Firdaus • *Noto Sans Javanese* (aksara Jawa) ku Google | OFL • *Noto Sans Balinese* (aksara Bali) ku Google | OFL • *Arabic Typesetting* ku Microsoft (aksara Arab) • *Noto Sans Batak* (aksara Batak) ku Google | OFL • *Wijaya* (aksara Kawi) ku Aditya Bayu Perdana

## FOTO

[1] *CEEMeeting2016 Armenia Globe 25* ku AWang (WMF) | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[3] *Wikimania 2016 - group photo 03* ku Niccolò Caranti | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[6] • *Old Wikipedia* ku L337p4wn (pengunggah) | Wikimedia Commons | CC BY-SA 3.0 • *Jimmy Wales 83 1* ku Chris Floyd | Wikimedia Commons | CC BY-SA 3.0

[7] *Keceriaan WikiNusantara1* ku Studio Amarana kanggo Wikimedia Indonesia | Wikimedia Commons | CC BY 3.0

[8] • *Srivijaya Empire* ku Gunawan Kartapranata | Wikimedia Commons | CC BY-SA 3.0 • *Flag of Indonesia* | Wikimedia Commons | Domain Publik • *Modern bra fullcup* ku Steifer dan Gytha | Wikimedia Commons | CC BY-SA 3.0 • *IncheonLandingMcArthur* ku Nutter | Wikimedia Commons | Domain Publik • *Credit card terminal in Laos* ku Basile Morin | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0 • *IMG-20180819-WA0198* ku Husnaini Shamanta | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[9] • Foto uang rupiah ku Eko Anug | Pixabay | Lisensi Pixabay • *Wikimedia Foundation Servers-8055 06* ku Victorgrigas | Wikimedia Commons | CC BY-SA 3.0

[10] Foto buku ku Nick Fewings | Unsplash | Lisensi Unsplash

[19] *WikiLatih Indonesiana; April 2017 03* ku Indorelawan | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[25] • *Wikilatih Purworejo 1* ku Hidayah Sunar | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0 • *WikiLatih Sunda Universitas Pendidikan Indonesia 17-19 September 2018 10* ku Nadiantara | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0 • *Sukarelawan pelatih WikiLatih APKS PGRI Kabupaten Jember (Gelombang 1)-3* ku Ahmadi SE | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0 • *April 29 2018 WikiLatih Indonesiana 2.0 with Indorelawan* ku Indorelawan | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[26] *WikiPelatih PGRI Sulsel-7* ku Gunarta | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

## GRAFIS

[2] *Wikimedia Illustration Header Detail Projekte* ku Blanca Flores | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[4] *Wikipedia Education Backpack 1* ku Blanca Flores | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[5] • *Nupedia* ku Nupedia bersama milodesign.com, berkas vektor ku Habitatator terrae | Wikimedia Commons | Domain Publik • *Nupedia, the open content encyclopedia 2000-08-15* ku nupedia.com | Wikimedia Commons | CC BY-SA 3.0

[17] *Wikimedia Illustration Header Detail Digitales Ehrenamt* ku Kati Szilágyi untuk Wikimedia Jerman | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[18] *Wikimedia Illustration Header Detail Recherche 2* ku Kati Szilágyi untuk Wikimedia Jerman | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[21] *Themenfeld Wissensgesellschaft* ku Kati Szilágyi untuk Wikimedia Jerman | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[23] *Wikipedia Community cartoon - high quality* ku Giulia Forsythe, digambar ulang ku Asiyeh Ghayour, diunggah ku Seyyedalth | Wikimedia Commons | CC BY

## IKON

[2] • *Globe* ku Eagle Eye | Noun Project | CC BY • *Open Lock* ku Caio Ranieri | Noun Project | CC BY • *Translation* ku Mun May Tee | Noun Project | CC BY • *Encyclopedia icon* ku Atón | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0 • *Light bulb icon red* ku Atón | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0 • *Scale icon green* ku Atón | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0 • *Jigsaw piece yellow 01* ku Atón | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0 • *Smiley icon orange* ku Atón | Wikimedia Commons | CC BY-SA 4.0

[16] • *Dictionary* ku Kantor Tegalsari | Noun Project | CC BY • *Advertisement* ku Komkrit Noenpoempisut | Noun Project | CC BY • *Newspaper* ku Fahmi | Noun Project | CC BY • *Writing* ku andriwidodo | Noun Project | CC BY

[22] • *Phone* ku Larea | Noun Project | CC BY • *Computer* ku Phoenix Dungeon | Noun Project | CC BY • *Indonesia* ku Ivan Colic | Noun Project | CC BY



**WIKIPEDIA**

Indonesia  
Aceh  
Bali  
Banjar  
Banyumasan  
Bugis  
Gorontalo

Jawa  
Madura  
Melayu  
Minangkabau  
Nias  
Sunda  
Tetun

**WIKTIONARY**

Indonesia  
Jawa  
Melayu  
Minangkabau  
Nias  
Sunda

**WIKIBOOKS**

Indonesia  
Melayu

**WIKIQUOTE**

Indonesia  
Sunda

**WIKISOURCE**

Indonesia

Pidangan carita gawé  
rancagé komunitas Wikipédia  
bisa ditempo dina

[\*\*bit.ly/BebaskanPengetahuan\*\*](https://bit.ly/BebaskanPengetahuan)



wikiidaid Wikimedia Indonesia   
 wikiidaid Wikimedia Indonesia   
 wikiidaid [info@wikimedia.or.id](mailto:info@wikimedia.or.id)  
 Wikimedia Indonesia [wikimedia.or.id](https://www.wikimedia.or.id)

**"ULAH NYUTAT TINA WIKIPÉDIA!**

*Pituduh singget keur Anjeun anu resep kana énsiklopédia panggedéna di dunya maya nyaéta pituduh pikeun para pamaca anu hayang apal Wikipédia kalawan daria.*

Nu nulis miharep ieu pituduh téh bisa ngajawab rupa-rupa kapanasaran anu mindeng jadi sabiwir hiji utamana ngeunaan Wikipédia. Tina ieu pituduh Anjeun bakal apal kumaha sabenerna ari Wikipédia téh, informasi naon waé anu nyampak dina Wikipédia, jeung kumaha carana nyungsi jeung ngamangpaatkeun informasi anu aya dina Wikipedia kalayan mernah.

Ku cara mikanyaho Wikipédia, nu nulis miharep sangkan nu maca kataji pikeun babarengan ngabébaskeun pangaweruh dina Wikipédia.

Vérsi daring ieu pituduh bisa dibaca dina ieu tutumbu:  
[bit.ly/wmid-ulahnyutattinawikipedia](http://bit.ly/wmid-ulahnyutattinawikipedia)



Jalan Danau Toba No. 104  
Bendungan Hilir, Jakarta Pusat  
DKI Jakarta 10210  
[wikimedia.or.id](http://wikimedia.or.id) | [info@wikimedia.or.id](mailto:info@wikimedia.or.id)

ISBN 978-602-73992-9-7 (PDF)

